

Katriyèm Trimès: Our Earth: Planèt Tè

29èm semèn

Day 1: Entwodwi Tèm Nan:

Materyèl: pyebwa, forè, fèy, flè, ròch, divès kalite priz tè tankou sab, gravye etc., kat jeografi, glòb, foto rivyè, etan, sous ak foto kèk bèt

Elicit background knowledge: Oral language development

- a) Show picture of the globe and suggested questions to ask: What is this? What does it represent? What are the different things we find in it? Etc...

Pwofesè a kapab sipòte repons elèv yo pou ede tout elèv konprann. Li ka di: “ wi se senbòl ki reprezante lemon antye. Se yon glòb. (it’s up to the teacher at this time whether he/she wants to go the different parts of the globe such as continents that we studied in first grade, otherwise) ede elèv yo konprann pati late a ak pati lanmè nan glòb la.

- b) Poze keksyon pou konsantre sou bagay nou jwenn sou latè. Pwofesè a ka ekri repons elèv yo e si li gen foto, li ka montre oswa poste yo sou yon tablo.

Evalyasyon Oral: Poze keksyon pou reafime repons elèv yo

Evalyasyon Ekri: Fè foto kèk bagay ou jwenn sou late, ekri non yo oswa ekri yon fraz pou dekri foto yo.

Day 2 :

Fè yon ti pwomnad nan lakou lekòl la. Envite elèv yo pou obsève kèk pyebwa ak pye flè yo wè sou lakou a. Lè ou retounen nan klas la, ba yo chans pou pataje eksperyans yo.

Li ak klas la HM liv 1.8.1: Divès Kalite Pyebwa

Evalyasyon: Fè foto yon branch bwa epi kole kèk fèy ou ranmase sou branch la. Ekri yon fraz oswa yon ti koze sou foto a.

Day 3:

- a) Li aotvwa The Forest nan Liv resime a paj 43, ou ka montre kèk foto pyebwa nan entènèt oswa nan Word by Word English/Haitian Kreyòl Diksyonè paj 113
- b) Reli (Echo reading) Divès kalite Pyebwa epi diskite kèk bèt ki rete nan pyebwa.

c) Reponn keksyon nan andan po liv la a loral

Evalyasyon: Reponn Ann ekri Fè desen yon bèt ki rete soupyebwa epi ekri yon ti koze sou bèt sa a.

Day 4:


a) Fè kopi rezime istwa The Forest pou chak elèv, li ak klas la epi poze keksyon daprè istwa a nan lòd li rive a. Poze keksyon sak pase okòmansman – Nan mitan – alafen istwa a. Ou ka ekri sa yo di w (Pa bliye plizyè bagay ka rive nan mitan istwa a.)

b) Reli istwa nou ekri a ansanm

c) Lektè ansilans: Divès kalite pyebwa

Evalyasyon: Keksyon aloral

Day 5: Reli istwa The forest



Egzamen fen semen nan nan lòt paj la

Non _____ Dat _____

Istwa: Divès Kalite Pyebwa, The Forest (forè a)

1. Ekri fraz sa yo nan lòd yo rive nan istwa “ The Forest”

- a) Elèv yo wè yon pye pichpen
- b) Pwofesè a bay elèv yo anpil enfòmasyon sou forè.
- c) Elèv yo chita pou yo fè desen pyebwa yo.
- d) Klas la vizite yon forè.

2. Nan liv Divès Kalite pyebwa grenn bwadchèn pouse (paj 6)

- a) anba tè nan rasin b) anlè c) sou branch yo?

3. Poukisa nou dwe fè atansyon ak grenn bwa sa a? (paj 7)

Katriyèm Trimès: Our Earth: Planèt Tè

30yèm semèn

Materyèl: foto cheni, papiyon, yon flè ki gen polèn ladan

Elicit background knowledge: Oral language development

- a) Montre foto papiyon an epi mande kiyès ki konnen nanki fanmi bèt papiyon ye? (ensèk) kijan papiyon kòmanse grandi? Poze kèk lòt keksyon pou mete elèv yo nanben pou koute istwa ou pral li pou yo. Ou kapab kòmanse yon K W L (sam Konnen, sa m ta Renmen Konnen, sa m Aprann K- RK- A)
- b) Li aotvwa Liv Rezime page 44 “Butterfly, Papiyon” si ou gen foto chak bagay yo, montre yo pandan w ap li istwa a.
- c) Lè w fi n li, poze keksyon pou tcheke diferan etap nan lavi yon papiyon. Intwodwi “Sèk lavi yon papiyon” Fe yon wonn sou tablo a,

Evalyasyon Oral: Poze keksyon pou reyafime konpreyansyon.

Evalyasyon Ekri: Chak elèv ka repwodwi Sèk lavi yonpapiyon an

Day 2 :

- a) Reli istwa Butterfly/papiyon, poze keksyon pou idantifye ide prensipal ak detay nan istwa a.
- b) **Li ak klas la HM liv 1.8.2:** Lavi yon papiyon. Diskite diferan etap nan lavi yon papiyon nan istwa a.
- c) Reponn keksyon nan dènye paj liv la.

Evalyasyon: Fè kopi papiyon nan liv mèt Koleksyon Karamèl la pou chak elèv. Fè yo kolore l. Epi ekri yon ti koze sou papiyon an.

Day 3:

- a) Sijasyon: si w genyen liv Ensèk, Educavision by Maud Heurtelou, li li aotvwa, si w gen Word by Word English/Haitian Kreyòl Diksyonè ale nan paj 118, Zwazo ak ensèk. Dekri yon ensèk: 3 pati nan kò l, 6 janm etc.,
- b) Reli (Echo reading) Lavi yon Papiyon
- c) Diskite keksyon nan andan po liv la a loral

Evalyasyon: Reponn keksyon: Egzèsis vokabilè: se yon kalite ensèk. Bay non kèk lòt ensèk (si w gen diksyonè Anglè/Kreyòl gide elèv yo nan paj ensèk)

Day 4:

- a) Sijasyon: li aotvwa Papiyon Mov la nan Koleksyon Karamèl
- b) Lekti an koral: lavi yon Papiyon. Ou ka fè kèk elèv li individyèlman.
- c) Idantifye ide prensipal ak detay nan istwa a
- d) Idantifye de bèt nan istwa a ki pa fè pati lavi yon papiyon. Poukisa otè a mete yo nan istwa a. (paj 7)

Evalyasyon: Revize Keksyon anndan po liv la aloral

Day 5:

- a) Li liv Lavi Yon Papiyon an silans
- b) Revize kèk keksyon diskite pandan semèn nan

Egzamen fen semen nan nan lòt paj la


Non _____ Dat _____

Istwa: Lavi Yon papiyon

Sèvi ak mo nan bwat yo pou fini fraz yo.

ze	koulè	danje	ensèk	Siwo flè
----	-------	-------	-------	----------


1. Mak sou cheni an pwoteje l kont _____.
2. Papiyon kòmanse lavi l tankou yon _____.
3. Papiyon manje _____.
4. Papiyon genyen anpil _____.
5. Yon papiyon se yon _____.




Katriyèm Trimès: Our Earth: Planèt Tè

31yèm semèn

Istwa: Paul Bunyan translation on pacing Guide at Dade School.net



Ox, Bèf



Horse, chwal, cheval

Katriyèm Trimès: Our Earth: Planèt Tè

31yèm semèn

Materyèl: foto jeyan, bèf, zago, gwo bilding

Day 1

Oral language development:

- a) Intwodwi “fòklò, istwa folkloric” Se yon kont, se yon istwa enteresan ki pale de bagay ki pa reyèl.
- b) Koneksyon: Intwodwi istwa Paul Bunyan: Di klas la, mwen pral li yon istwa, se yon lejann ka b di kijan plizye rivyè ak etan te fòme. Mande yo pou koute epi eseye imajine istwa a pandan y ap koute.
- c) Li istwa Paul Bunyan aotwa, si ou gen foto chak bagay yo, montre yo pandan w ap li istwa a.
- d) Lè w fi n li, m sijere ou poze keksyon ki nan paj 3 Pacing Guide la.

Evalyasyon: Travay an koperasyon. Si w gen santimèt oswa règ, elèv yo ka kole yo ansanm pou demontre otè yon jeyan. Apre sa, yo ka trase foto jeyan, desine lòt pati nan kò. Alafen, chak elèv gen dwa ekri yon fraz, ilistre li, epi kole l sou jeyan an sou fòm yon kouvrel (Quilt). Poze foto a nan klas la.

Day 2

- a) **Lekti oral:** Reli istwa a, poze menm keksyon yè yo, oswa ajoute lòt keksyon tankou identifye Pèsonaj ki nan istwa a.

Evalyasyon: Fini pwojè jeyan a, Obsèvasyon pwofesè oswa rezime a loral

Day 3

Liv lekti HM 1.8.3 Istwa Manman nou Rakonte n

- a) Mande timoun yo si manman yo konn rakonte yo istwa – bay kèk ladan yo yon chans pou pataje eksperyans yo ak klas la

- b) Montre foto epi di yo sak ap pase nan chak paj – Li Mo Kle yo
- c) Li istwa a

Evalyasyon: Reponn keksyon anndan po liv la a loral

Ekzèsis vokabile: Pòm se yon fwi. Ki lòt fwi ou konnen? Fè foto kèk fwi epi kolore ak ekri non

Day 4:

- a) Reli istwa manman rakonte (Echo reading).
- b) Idantifye vèb nan istwa a
- c) Idantifye plizyè pwodwi yo fè ak pòm. Si li posib, pote kèk bagay say o pou elèv yo manyen, ak goute.
- d) Revize keksyon anndan paj kouvèti liv la

Evalyasyon: Revize Keksyon anndan po liv la aloral - Ki fwi ou pi renmen? Fè foto l epi ekri youn ou de fraz sou li (sonje koumanse fraz la ak lèt majiskil e fini l ak yon pwen)

Day 5.

- a) Li istwa manman an choral – Prepare pou ekzamen fen semen nan

Non: _____ Dat _____

Istwa: Paul Bunyan ak Istwa Manman Nou Rakonte nou

Ansèkle bon repons la

1. Paul Bunyan se yon pèsonaj koni nan

- a) Folklò Ayisyen
- b) folklò Ameriken

2. Beb se te yon:

- a) cheval
- b) gwo bèf
- c) krapo

3. Nan de istwa sa yo, kilès ki sanble yon fantezi?

- a) Paul Bunyan
- b) Istwa Manman Rakonte

4. Ansèkle de (2) vèb nan mo sa yo.

- a) Konnen
- b) pòm
- c) manje
- d) manman

5. Manman otè a te grandi bò

- a) rivye
- b) lanmè
- c) legliz